

Chè kominote Lekòl Piblik Boston :

Malgre risk la toujou ba nan moman sa a nan vil Boston pou maladi kowonaviris 2019 la (ke yo rele tou « COVID-19 »), prezans li k ap gaye oz Etazini konsène nou tout ki fè pati Lekòl Piblik Boston. N ap ekri w pou n ba w kèk nouvo enfòmasyon ak direksyon anrapò ak kowonaviris la ki sot nan biwo Sant pou Kontwòl Maladi ("Center for Disease Control" - CDC), Depatman Sante Piblik Massachusetts ("Massachusetts Department of Public Health" - DPH) ak Komisyon Sante Piblik Boston ("Boston Public Health Commission" - BPHC).

Yo mande moun k ap vwayaje sot nan peyi Chin, Iran, Itali, Japon, oswa Kore Disid, ret lakay yo pou omwen 14 jou lòske yo retounen oz Etazini, dekwa pou yo kapab suiv sante yo. Epitou, yo mande yo pou yo pa ni al lekòl ni al travay. Règleman sa a an vigè pou vwayaj ki te fèt nan de (2) semèn ki sot pase yo ak lòt vwayaj ankò ki fèt apres. Epitou, li an an vigè kit pitit ou an te deja retounen al lekòl depi lè nou te retounen an ou non.

Fanmi yo dwe kontakte lekòl yo pou rapòte absans elèv yo akòz restriksyon ki genyen pou vwayaj. Lekòl Piblik Boston va rantre an kontak avè w pou fè kèk aranjanman pou ansèyman ak sipò apwopriye pou elèv ou a pou peryòd l ap ret nan kay la.

Ki sa "siveye sante w" vle di ?

- Pran tanperati w ak yon tèmomèt de (2) fwa pa jou, epi veye pou fyèv. Yon fyèv se yon tanperati ki 100,4°F/38°C oswa ki pi wo.
- Veye pou sentòm (pou siy), pami yo : yon fyèv, tous, pwoblèm respirasyon, ak souf anlè.

Ki sa sa vle di "limite entèraksyon w" ?

- Pa pran transpòtasyon piblik, ni taksi, ni okenn lòt transpòtasyon moun pataje, pandan yon peryòd 14 jou.
- Evite kote ki genyen anpil moun reyini (sant komèsyal, lekòl, travay, legliz, ak sinema).
- Kenbe distans ou ant ou menm ak lòt moun (yon distans 6 pye oswa 2 mètr).

Kontakte doktè w (founisè swen sante w) si w remake kèk sentòm (kèk siy). Si w pa genyen yon doktè (yon founisè swen sante), tanpri kontakte sal dijans lokal ou epi esplike yo sentòm ou ak pakou vwayaj ou avan w aranje pou yon doktè wè w.

Nou tout ki nan kominote Lekòl Piblik Boston an (BPS) dwe pratike bon prekosyon suivan yo pou redui risk pou viris respiratwa yo pou yo pa gaye, epi kenbe tout moun an sekirite :

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segond - ki se apeprè menm kantite tan li pran pou yon moun chante "Happy Birthday" ("Joyeuse anniversaire") de (2) fwa.
- Si ke w pa genyen aksè a savon ak dlo, itilize yon dezenfektan ki genyen alkòl ladan l.
- Evite manyen je w, nen w, ak bouch ou avèk men w san lave.
- Evite kontak depre avèk moun ki malad.
- Toujou netwaye e dezenfekte objè ak sifas ke yon lòt moun te manyen ki montre sentòm yo (siy yo).

Genyen plis enfòmasyon disponib sou sit entènèt bphc.org oswa sit cdc.gov ansanm ak kèk tradiksyon materyèl yo sou menm sit sa yo ak sou sit entènèt anba yo.



CDC What You Need to Know: [English](#), [Chinese](#), [Spanish](#)
(« CDC Sa w dwe konnen sou li » [Angle](#), [Chinwa](#), [Espayòl](#))
CDC What To Do if You're Sick: [Angle](#), [Chinwa](#), [Espayòl](#)
(CDC « Sa ou dwe fè si ke w malad » :

Boston Public Health Commission Fact Sheet: [English](#), [Chinese](#), [Haitian Creole](#),
[Portuguese](#), [Spanish](#), [Vietnamese](#)

(Feyè enfòmasyon Komisyon Sante Piblik Boston : [Angle](#), [Chinwa](#), [Kreyòl Ayisyen](#),
[Pòtigè](#), [Espayòl](#), [Vyetnamyen](#))

Si w genyen kèk kesyon ki pi presi, ou mèt rele Liy Sante Dirèk Majistra a ("HealthLine")
lasemèn nan nimewo telefòn 617-534-5050, osinon nan nimewo 311 aprè orè nòmal yo ak lè
weekend.

Sitiyasyon sa a se yon sitiyasyon k ap chanje avèk vitès. Chak jou nou kominike ak chèf sante
piblik yo, pandan n ap suiv sitiyasyon an depre. N a va ba w enfòmasyon ajou, tank y ap vin
disponib. W ap kab jwenn yo sou sit entènèt Lekòl Piblik Boston an (BPS) nan
www.bostonpublicschools.org/coronavirus.

Ret an bòn sante, e ret an sekirite.

Sensè salitasyon,



Brenda Cassellius
Sipèentandan